# BILIMLENDIRIWDI GLOBALLASTÍRÍWDA PEDAGOG IMIDJIN TRANSFORMACIYALAW

**G.R.Bekimbetova** – *pedagogika ilimleriniń doktorı (DSc), docent*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogika institutı*

**Tayanch so'zlar:** imij, imijilogiya, pedagogik obraz, mimika va imo-ishoralar, avtoritetga ega bo'lish, mimika va pantomima, mohir va professional kiyim, obraz yaratish qoidalari va usullari.

**Ключевые слова:** имидж, имиджелогия, педагогический имидж, мимика и жесты, завоевание авторитета, мимика и пантомимика, умелая и профессиональная одежда, правила и методы создания имиджа.

**Key words:** image, imageology, pedagogical image, facial expressions and gestures, gaining authority, facial expressions and pantomime, skillful and professional clothing, rules and methods of creating an image.

**Kirisiw**. Mámleketimizde social-ekonomikalıq rawajlanıwı menen birqatarda búgingi kúnde bilimlendiriw sistemasınıń rawajlanıp barıwı zaman talabına say tálim-tárbiyaǵa qaratılǵan. Pedagoglardıń óz ústinde islewi, tınbay izleniw alıp barıwı hám de oqıw procesiniń zaman talapları dárejesinde, ilimiy tiykarda shólkemlestiriw ushın zárúr sharayatlardı jaratıp beriw menen birqatarda, sociallıq tájiriybelerge tiykarlanıp jumıs alıp barıw lazım.

Hár bir pedagog tálim-tárbiya procesin tuwrı shólkemlestiriwi menen birge ózleriniń sırtqı kórinisine de itibar beriwi kerek. Sırtqı kórinis arqalı insanlardıń qızıǵıwshılıǵın arttırǵan halda ózin kórsete alıw, oqıwshılardıń dıqqatın ózine qarata alıwı sabaq nátiyjeliligin asıradı. Sonıń menen birge, pedagog oqıwshılarǵa unawı kerek. Pedagogtıń sırtqı kórinisi estetikalıq tásirsheń bolıwı tiyis. Óziniń sırtqı kórinisine itibarsız qaraw yamasa hádden tıs dıqqat awdarıwǵa da bolmaydı.

**Ádebiyatlar analizi.** Imidj boyınsha izertlegen ilimpazlardan Deyl Karnegi [3] (Dale Carnegie, 1888-1955), V.M.Shepel [5], A.A.Kalyujnıy [2], A.A.Jaytapova [1], V.O.Klyuchevskiyler [3] ilimiy jumıslar alıp barǵan. Psixolog Deyl Karnegi izertlewi boyınsha imidj bul «jaqsı tásir qaldırıw» hám «jaqsı tásir etiw» máselelerine toqtap ótken. Leksemalıq tárepten «imidj» (ing. «image») «tımsal», «kelbet» hám «obraz» mánilerin ańlatadı. Mánisi boyınsha «ózine tartatuǵın» túsiniklerin ańlatadı. Imidj termini reyting, abıray, ataqlılıq, ózine tartatuǵın, itibar, orın hám basqa túsinikler menen sáykes. «Imidj» kópshilik sanasında anıq obyekt stereotip obrazınıń jaratılıwı bolıp tabıladı. Imidj túsinigi anıq shaxstan tısqarı, tovarǵa, shólkemlestirilgen strukturaǵa, tarawǵa hám basqalarǵa qatnaslı da qollanılıwı múmkin.

Imidj – anıq bir insanǵa bolǵan qatnasta insanlar oy-órisiniń júzege keletuǵın shólkem yamasa basqa sociallıq obyekt kelbeti bolıp tabıladı. Imidj insandı jámiyetke usınıs etetuǵın hám ózgelerge tásir ótkeriwge xızmet etetuǵın qural – tásir texnologiyası bolıp tabıladı. Imidjdiń tómendegi túrleri bar: shaxs imidji (siyasiy ǵayratkerler, jámiyetlik ǵayratkerler, shólkem basshıları, ilim, kórkem óner, sport, bilimlendiriw tarawı wákilleri, studentler hám t.b.); sociallıq sistema, jámiyetshilik imidji (shańaraq, partiya, jámiyetlik shólkemleri, etnos hám t.b.) korporativ imidj (kárxana, shólkem hám mákemeler, fondlar, bankler hám t.b.); aymaqlıq imidj (mámleket, region, hám t.b.).

**Talqılaw hám nátiyjeler.** Jámiyettiń hárqanday aǵzası eki qıylı maqsette jeke imidjini jaratıwǵa háreket etedi:

- jeke kelbet jaratıw (basqalardıń itibarın tartıw, jaǵımlı tásir qaldırıw, jaqsı kórinis); sociallıq kelbet jaratıw (abıray hám poziciyaǵa erisiw, jámáátti basqarıw, pikirin maqullatıw hám t.b. tásir etiw ushın).

Imidj insannıń sırtqı kórinisi: kiyiniwi, pardozı, mimikası, háreketleri (jestleri); ruwxıyatı – dúnyaǵa kózqarası, dárejesi, bilim dárejesi; mámilesi – sóylewi; xarakteri – ózin tutıwı, basqalarǵa múnásibeti sıyaqlı faktorlar arqalı aratıladı.

Imidj jaratıw ushın, aldı menen, tómendegi sorawlarǵa juwap tabıwǵa háreket etiw kerek:

- imidjdi kim ushın jaratpaqshısız?
- imidj jaratıwdan maqset ne?
- siz nege ılayıqsız?
- imidj jaratıwda jámáát neni qáleydi?
- baslıq qol astındaǵı xızmetkerleri ushın, pedagog tálim berip atırǵan studentleri ushın, artist ıshqıpazları ushın, ápiwayı xızmetker bolsa klientler ushın imidj jaratılıwı múmkin.

Maqset –itibarǵa hám tásir etiwde nátiyjelililikke erisiw.

Imidjdiń qádiryat funkciyaları:

1. Shaxstı rawajlandırıw. Unamlı imidj sebepli shaxstıń kelbeti unıń ruwxıy ózligin kórsetedi, vizual túrde onıń eń jaqsı ózgeshelikleri materiallıq túrde kórsetsek hám de onıń individual ozine tánligi kórinedi.

2. Psixoterapevtlik jaǵdayı. Jaǵımlı ózgeshelikke iye shaxs, insanlar itibarı hám húrmetine erisedi, oǵan bul bioenergetik quwat toldırıw hám tiklew imkaniyatın beredi, buǵan ondaǵı unamlı turaqlı xosh keypiyat mısal boladı. Insan óziniń maqsetlerine erisken sayın optimistlik hám isenim payda boladı.

Pedagogtıń shash túydegi, kiyimi, ondaǵı bezekler bárhama balalardıń tárbiyasına durıs tásir etiwge qaratılǵan bolıwı kerek. Pedagog ózin bezew kosmetikasınan paydalanıw huqıqına iye, lekin kásibine qarap bezeniwdiń ólshemin biliwdi, onı seziniwdi talap etedi. Onıń sırtqı kórinisiniń tásirsheń bolıwına bet-álpetiniń jaydarılıǵı, kewilliligi, qol háreketleri, júz háreketleri, saldamlılıǵı, ulıwma háreketleriniń orınlı qollanılıwı úlken tásir etedi. Pedagogtıń bet-álpetinde qapashılıq, ashıw, sharshaw, qopallıq hám t.b. kórinisler orın almawı zárúr. Oqıw xanasına qalay kiriw, balalarǵa qalay qaraw, sálemlesiw, klass ishinde júriwi – bári balalarǵa tásir etiw kúshi ekenligin pedagog jaqsı túsiniwi hám durıs paydalana biliwi shárt. Pedagogtıń barlıq háreketlerinde, kózqaraslarında, sózinde, iseniminde balalar ózindegi jasırın kúshti, tereń isenimdi sezinetuǵın bolıwı tiyis.

Pedagogtıń sırtqı kórinisin kórsetiwshi mádeniyat:

1. Gewdeni tutıw – tuwrı tutıw (júriwde, otırıp turıwda), qollardıń oqıtıwshı stolında erkin túrde bolıwı, tártipliligi hám ıqshamlılıǵı;

2. Kiyim – tazalıǵı, ıqsham hám ápiwayılıǵı, reńiniń durıs tańlanıwı, kiyimniń jasqa hám kásipke saylıǵı;

3. Pardoz – óz ólsheminde jası, kásibi hám jumısına say ekenligi;

4. Shash túydegi – shashtıń tártipli bolıwı;

5. Pedagogtıń mimikalıq hám pantomimikalıq kórinisi. Oqıtıwshınıń pedagogikalıq texnikası mimikalıq hám pantomimikalıq háreketlerinde de áhmiyetli orın tutadı. Pedagogtıń mimikalıq hám pantomimikalıq kórinisi ım-ishara, mánili qarawında, xoshemetlewinde kórinedi. Olar oqıtıwshınıń pedagogikalıq tásir etiwinde oqıwshılarǵa shınıǵıwlardı tásirsheń, qızıǵarlı, nátiyjeli hám mazmunlı ótiw ushın imkan jaratadı.

Imidj birqansha faktorlar tiykarında qáliplesedi:

Tábiyiy kórinis – júzi, shashlarınıń dúzilisi, reńi, terisiniń reńi, tábiyiy gózzallıǵı;

Dene dúzilisi – mimika, pantomimika, háreketler.

Sırtqı kórinis – ózgeriwsheń qaplamalar: kiyiniw, aksessuarlardan paydalanıw, ózine pardoz beriw. Pedagogikalıq proceslerdi shólkemlestiriw hám basqarıw procesinde pedagoglar tárepinen ózine tán áhmiyetli táreplerinen biri, oqıtıwshı sóz sóylep atırǵanda yaki tema túsindirip turǵan waqıtları onın ayaqları arasındaǵı keńligi 12-15 sm aralıqta bolıwı kerek. Pedagogdıń kásiplik imidji tásir etiw hám kásiplik xızmette zárúrli qural bolıp, onı jaratıwda átirap ortalıqtı hám jámáattiń qásiyetlerin esapqa alıw zarur. Oqıwshılar qıyalında pedagog, aldı menen, kiyiniw mádeniyatı hám usılı, sırtqı kelbetine itibarı hám de aksessuarları menen itibarǵa iye boladı. Oqıwshılar ushın qopal, ádalatsız, juwapkershiliksiz, biypárwa pedagoglar negativ bahalanadı hám olardıń tásir etiw dárejesi tómen boladı. Er muǵallimlerdiń de kiyiniw mádeniyatı onıń taqqan galstugine, qol saatı, qol oramalına shekem úlgi bolıwı kerek. Er muǵallimniń galstugine qarap onı talǵamına baha beriwge boladı. Galstuk kostyumge say bolıwı kerek. Qısta – qaraltım reńdegi, jazda – ashıq reńdegi galstuk taqqan abzal. Galstuktegi tiykarǵı reń kostyumdaǵı reńlerdiń birine sáykes bolıwı kerek. Úlken, iri gewdeli er adamlar keńirek galstuk taqqanı maqul. Galstuk túyilgende onıń túyini kóylek jaǵasına say keliwi kerek. Imidjdi jaman kórsetiwshi faktorlar: xarakteriniń jaman tárepleri kórsetiw; nadurıs sóylew; sırtqı kóriniske itibarsızlıq; kópshilik aldında sóz sóyley almay qalıw; sáwbetlesti mensinbewshilik; nápsi.

Qanday jaǵdayda sáwbetlesińiz sizdi unatpaǵanın seziwińizge boladı: sálemleskende qısqa sorassa; dıqqatı basqa jaqta bolsa; qatar júrgende qádemi páseyse; siziń aldıńızda qol telefonınan erkin sóylesse hám t.b.

**Juwmaq ham usınıslar**. Juwmaqlap aytqanda, pedagog imidji onıń kásiplik sheberliginiń ajıralmas bólegi bolıp esaplanadı. Ol tek sırtqı kórinis penen sheklenip qalmastan, pedagogtıń ishki dúnyası, ádep-ikramlılıǵı hám oqıwshılarǵa bolǵan shın niyeti arqalı tolıqtırıladı. Bul process bilimlendiriwdiń zaman talaplarına muwapıq rawajlanıwına, oqıwshılardıń tárbiyası hám bilimine unamlı tásir etiwine xızmet etedi.

Pedagog kadrlar óz imidjin jaratıwı ushın tómendegilerge ámel etiwi kerek: imidjelogiya qaǵıydalarına ámel etiw; sırtqı gózzalıqqa erisiw; salamat turmıs tárizine ámel etiw; aksessuarlardan orınlı paydalanıw; sóylew mádeniyatına, mámile etikaǵa, kishi peyillikke qatań tártipte ámel etiw; oqıwshılardı shaxs sıpatında húrmet etiw; sóyleskende tıńlaw mádeniyatına ámel etiw; sın pikirdi tuwrı qabıllaw hám onnan tiyisli juwmaq shıǵara biliw kerek.

**Ádebiyatlar**


1. Жайтапова А.А. Профессиональный рост учителя в системе повышения квалификации. – Алматы: «Білім», 2004.
2. Калюжный А.А. Психология формирования имиджа учителя. – Москва: «Владос», 2004.
3. Carnegie D. Как завоевывать друзей и оказывать влияние на людей. – Нью-Йорк: 1936.; Ключевский В.О. Сочинения в девяти томах. – Москва: «Мысль», 1990.
4. Simon & Schuster. Publications on various research fields. [Books covering history, health, science, and more]. Retrieved from publisher archive. 1924-2025.
5. Шепель В.М. Имиджелогия. Как нравиться людям. – Москва: «Народное образование», 2002.


**REZYUME.** Maqolada ta’lim tizimida o‘qituvchi qiyofasi va uning ijtimoiy-iqtisodiy taraqqiyot sharoitidagi o‘rni tahlil qilinadi. O‘qituvchining tashqi ko‘rinishi, kiyinish madaniyati, nutqi, mimikasi va pantomimasi o‘quvchilarga estetik va tarbiyaviy ta’sir ko‘rsatishga qaratilgan. Shuningdek, o‘qituvchining professional qiyofasini yaratish qoidalari, uning maqsadlari va talabalarga samarali ta’sir qilish usullari ochib berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье анализируется имидж педагога в системе образования и его роль в контексте социально-экономического развития. Внешний вид, культура одежды, манера речи, мимика и пантомимика педагога направлены на эстетическое и воспитательное воздействие на учащихся. Также в статье раскрываются правила создания профессионального имиджа педагога, его цели и пути эффективного воздействия на учащихся.

**SUMMARY.** This article analyzes the image of a teacher in the education system and its role in the context of socio-economic development. The teacher's appearance, clothing culture, speech patterns, facial expressions, and pantomime are aimed at aesthetic and educational impact on students. The article also reveals the rules for creating a teacher's professional image, its goals, and ways to effectively influence students.